

AVI SOU ENTANSYON KONTE MIAMI-DADE POU LI SOUMÈT YON APLIKASYON SIBVANSYON A DEPATMAN ENÈJI ETAZINI (DOE) POU OPÒTINITE FINANSMAN: BIL-GRID RESILIENCE AND INNOVATIONS PARTNERSHIPS.

AVI SOU ENTANSYON POU SOUNÈT YON APLIKASYON SIBVANSYON

Objektif avi sa a se enfòme publik la sou entansyon Biwo Rezilyans Konte Miami-Dade pou li soumèt yon aplikasyon sibvansyon a Grid Resilience and Innovations Partnerships nan Depatman Enèji Etazini, anba Sijè 3: Pwogram Grid Innovation, an repons a Anons Opòtinite Finansman (FOA) Nim. DE-FOA-0002740 nan dat 18 me 2023 oswa anvan. Konte Miami-Dade te soumèt yon Dokiman Konsèp nan dat 13 janvye 2023, epi DOE te ankouraje l pou li soumèt yon aplikasyon konplè annakò avèk enstriksyon ak egzijans ki andedan FOA Nim. DE-FOA-0002740 a.

Si yo akòde li, Konte Miami-Dade va mete an aplikasyon *Rezo Enèji Distribiye Kolektivman Entelijan Konte Miami-Dade pou Rezilyans Kominotè a*, yon pwojè 5 ane an de faz ki gen objektif desantralize yon ti pòsyon nan sistèm elektrik Miami-Dade avèk yon seri mini inite andedan pi gwo rezo a, nan etabli sant rezilyans ki sèvi kominote nou an nan bay yon liy defans fas a siklòn, inondasyon, ak tout demann vag chalè yo.

Pwojè a va kontribye nan dekabonizasyon kominote ak sistèm enèji nou yo lè li fè demonstrasyon yon rezo mini inite enèji yo dwe deplwaye nan enstalasyon enpòtan ak priyoritè MDC yo. Mini inite yo va genyen resous enèji distribiye (DER) ki gen ladan enèji solè, estokaj enèji estasyonè, jesyon demann fleksib, mini inite mobil, ak kapasite Vehicle-to-Everything (V2X) pandan yo ap sipòte rezistans sistèm, fyabilite, abòdabilite epi yo lye nan rezo ke kontwòl avanse, siveyans, analiz, ak fonksyon kominikasyon ap sipòte.

Paske finansman pou opòtinite sa a soti nan Lwa sou Enfrastrikti Toulede Pati yo, pwojè a dwe demonstre avantaj kominotè ki kapab kwantifye atravè angajman pwofon nan kominote a ak travay, pwogram inovatè DEIA ak Justice 40, epi devlopman mendèv konplè.

Nan yon efò pou jwenn enfòmasyon ak opinyon nan men moun ki gen enterè nan kominote yo ak ekspè nan zafè travay, devlopman mendèv, santiman kominotè, ak/oswa ti biznis fanm posede, ak biznis minorite posede ki ta ka benefisyé pwojè-an-devlopman an, Konte Miami-Dade va òganize plizyè reyinyon publik vityèl.

Jedi 27 avril 2023, 5:00 - 6:15 PM

Vandredi 28 avril 2023, 10:00 - 11:15 AM

Lendi 1ye me 2023, 3:00 - 4:15 PM.

Patisipan ki enterese yo ka rezève pou youn nan sesyon ki anwo yo lè yo voye yon imel bay Kontak Prensipal pou aplikasyon sa a, Dr. Patricia Gómez (Deputy Resilience Officer, Miami-Dade County Office of Resilience) nan patricia.gomez@miamidade.gov. Yo va voye yon envitasyon kalandriye Zoom pa imel lè yo resevwa yon rezvasyon.

Anplis de sa, nan paj 35 dokiman FOA a, DOE anonse yon konpilasyon “Teaming Partner List” (Lis Patnè) pou facilite fòmasyon nouvo ekip pwojè pou FOA sa a. Lis Patnè a pèmèt òganizasyon ki ta vle patisipe nan yon aplikasyon eksprime enterè yo bay lòt aplikan yo epi eksploré patenarya potansyèl yo. DOE va aktyalize Lis Patnè yo regilyèman epi lis la disponib sou sit entènèt FedConnect (<https://www.fedconnect.net/DFWNM>) ak sou paj entènèt Pwogram Grid Resilience and Innovation Partnerships (GRIP) (<https://www.energy.gov/gdo/grid-resilience-and-innovation-partnerships-grip-program>).

Yo va aktyalize Lis Patnè Patnè DOE a regilyèman pou reflete nouvo patnè ki bay DOE enfòmasyon sou òganizasyon yo dapre enstriksyon yo bay pi ba a.

Nenpòt òganizasyon ki ta renmen sou lis sa a, li ta dwe soumèt enfòmasyon annapre yo: Non Òganizasyon, Non moun pou yo kontakte, Adrès, Imel, Telefòn, Tip Òganizasyon, Zòn Ekspètiz Teknik, Brèf Deskripsyon Kapasite, ak sijè denterè. Pati ki interese yo ta dwe ranpli fichye Excel DOE-FOA-0002740 Teaming Partner List ke yo bay kòm pyès atache nan anons sa a epi voye yon imel bay GDOFOA@hq.doe.gov avèk “Teaming Partner Information” sou liy sijè a.

Klike isit la pou w jwenn aksè a avi federal sou opòtinite finansman #DE-FOA-0002740: <https://www.grants.gov/web/grants/view-opportunity.html?oppId=343309>

Konte Miami-Dade pa fè diskriminasyon ki baze sou ras, sèks, koulè, reliyon, eta sivil, orijin nasyonal, andikap, zansèt, oryantasyon seksyèl, ekspresyon seksyèl, idantite seksyèl, laj, gwosès, estati familyal, sous revni, estati reyèl oswa pèsepsyon kòm yon viktim vyolans domestik, vyolans mennaj oswaasèlman nan aksè, admisyon, oswa travay nan pwogram oswa aktivite.